



Mayor Michelle Wu

Chè Pwopriyetè Biznis,

Jan sa di nan Òdonans sou Atelye Mekanik nan vil Boston tout biznis ki konsève, repare oswa vann machin oswa pwodui pou machin dwe aplike pou yon lisans, epi yo dwe peye yon frè \$100 nan Depatman Sèvis Enspeksyon Boston (Boston Inspectional Services Department), Divizyon pou Sèvis Anviwònman (Environmental Services Division) 1010 Massachusetts Ave. 4yèm Etaj, Boston, MA 02118. Moun ki fenk fè demann lan ap gen pou peye yon sèl frè enskripsyon ki se \$50. Òdonans sou Atelye Mekanik la asire yon rediksyon nan enpak li gen sou katye yo ak anviwònman an atravè fòmasyon pou tout kòd ki aplikab yo.

Anplis, Òdonans pou Pwòpte sou Sit ki Boston yo egzije tout etablisman ak biznis machin ki itilize gwo konntenè pou jete fatra pou yo genyen yon lisans pou Pwòpte sou Sit la, epi peye yon frè \$50.00. Òdonans sa a egzije biznis ki gen gwo konntenè pou jete fatra pou [aplike](#) pou yon lisans nan [Depatman Sèvis Enspeksyon Boston](#)

Aplikasyon pou lisans ou a dwe gen ladan l:

- yon [Aplikasyon pou Pwòpte sou Sit la](#) ki konplè ak pèman ou an
- Yon plan sit la ki montre kote poubèl la ye, epi kote ou mete l pa rapò ak pwopriyete vvazinaj yo oswa wout publik la
- pozisyon tout kloti oswa kote ou fè triyaj ki obligatwa yo
- plan ak orè pou fè pwòpte
- yon plan pwopozisyon pou dechè solid yo, li gen ladan l yon kopi kontra pou eliminasyon dechè solid yo
- yon kontra pou kontwòl wonjè oswa parazit, epi
- yon lisans Travò Biblik bay, sèlman si poubèl la nan yon wout publik. [Jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn pèmi pou mete bagay nan lari.](#)

Nou kapab voye Aplikasyon Konplè ak pèman yo pa lapòs, oswa depoze yo nan Inspectional Services Department (Depatman Sèvis Enspeksyon), Environmental Services Division (Divizyon Sèvis Anviwònman), 1010 Massachusetts Ave. Boston, MA 02118

Lè ou pa respekte kondisyon sa yo, li kapab lakòz ou fè yon vyolasyon

Lè w pa respekte obligasyon pou lisans nou site anwo a li ka lakòz ou peye amann ki rive jiska \$1000 pa jou, oswa nou ka sezi lisans biznis ou a.

Avèk respè,

John Urlrich, Asistan Komisyonè

(Haitian Creole)



Sèvis Anviwònman, 1010 Mass Ave. Boston, MA 02118, 617-635-5300



Mayor Michelle Wu

SÈVIS ENSPEKSYON NAN BOSTON

Lisans pou Atelye Machin

Jan sa di nan Òdonans sou Atelye Mekanik nan vil Boston tout biznis ki konsève, repare oswa vann machin oswa pwodui pou machin dwe aplike pou yon lisans, epi yo dwe peye yon frè \$100 nan Depatman Sèvis Enspeksyon Boston (Boston Inspectional Services Department), Divizyon pou Sèvis Anviwònman (Environmental Services Division) 1010 Massachusetts Ave. 4yèm Etaj, Boston, Ma 02118. Moun ki fenk fè demann lan ap gen pou peye yon sèl frè enskripsyon ki se \$50. Òdonans sou Atelye Mekanik la asire yon rediksyon nan enpak li gen sou katye yo ak anviwònman an atravè fòmasyon pou tout kòd ki aplikab yo.

Anplis, Òdonans pou Pwòpte sou Sit ki Boston yo egzije tout etablisman ak biznis machin ki itilize gwo konntenè pou jete fatra pou yo genyen yon lisans pou Pwòpte sou Sit la, epi peye yon frè \$50.00. Òdonans sa a egzije biznis ki gen gwo konntenè pou jete fatra pou [aplike](#) pou yon lisans nan [Depatman Sèvis Enspeksyon Boston](#)

Nou kapab voye Aplikasyon Konplè ak pèman yo pa lapòs, oswa depoze yo nan Inspectional Services Department, Environmental Services - 1010 Massachusetts Ave. Boston, MA 02118

Lè ou pa respekte kondisyon sa yo, li kapab lakòz ou fè yon vyolasyon

Lè ou pa respekte kondisyon pou lisans ki gen anwo a, li ka lakòz ou resevwa amann nan men ISD atravè yon Kontravansyon pou Aplikasyon Kòd la. Nou mete anba a limit ki defini epi ki vini youn apre lòt pou amann yo:

1ye enfraksyon	\$100.00
2yèm enfraksyon	\$250.00
3yèm enfraksyon	\$500.00

(Haitian Creole)



Sèvis Anviwònman, 1010 Mass Ave. Boston, MA 02118, 617-635-5300



Lis Verifikasyon pou Pèmi pou Atelye Mekanik

- Pèmi Okipasyon:** Li di kisa yo dwe itilize nan yon biling ak fason pou yo itilize l. Se Depatman Sèvis Enspeksyon ki nan 1010 Massachusetts Ave. Ki bay li 5yèm Etaj Boston MA 02118
- Lisans pou Esto ke Pwodui ki ka Pran Dife Depatman Ponpye Boston:** Li obligatwa pou genyen l pou kapab esto ke pwodui ki ka pran dife anndan yon biling (*ou dwe renouvre l chak ane*). 1010 Massachusetts Ave, 4yèm Etaj. 1-617-343 • www.boston.gov
- Pèmi Depatman Ponpye bay Chak Ane:** Pèmi obligatwa pou poubèl, lanp, boutèy espre penti, kabin ki gen penti (*ou dwe renouvre l chak ane*).
- Inite ki Bay Lisan nan Polis Boston:** Lisan Tip 2 pou vann machin, 1 Schroeder Plaza, Boston Ma. 02120 (1-617-343-4425)
- Pèmi pou Itilize Lokal yo:** Li pèmèt yon moun itilize yon espas ki deyò, yon espas ki sou yon teren. Pa egzanp vann oswa esto ke machin ak konntenè pou estokaj
- Asirans pou Aksidan nan Travay:** Tout konpayi k ap fonksyone Massachusetts dwe pran yon asirans pou aksidan travay pou anplwaye yo ak pou yo, si yo se anplwaye konpayi yo a, gen kèk egzepsyon ki ka aplike. (*Ou dwe renouvre l chak ane*.) 1-800-323-3249 X470
- Lisan pou Pwòpte sou Sit la** Li obligatwa pou tout biznis k ap itilize gwo konntenè pou ranmase fatra genyen l, yo dwe aplike nan Sèvis Enspeksyon pou yo jwenn yon lisan. (*ou dwe renouvre l chak ane*)
- Sètifikasi Biznis** Tout biznis yo gen obligasyon pou gen yon Sètifikasi Biznis, ki soti nan Biwo 601 Grefye Vil la, 1 City Hall Square, Boston MA 02201. 617-635-4600 (*li renouvre chak 4 lane*)
- Lisans Sèvis Enspeksyon Machin:** Tout biznis ki gen rapò ak machin gen obligasyon pou gen lisan sa a pou yo fonksyone (*ou dwe renouvre l chak ane*.)
- Atelye ki Anrejistre:** Tout atelye pou reparasyon machin ak vit dwe anrejistre nan Divizyon pou Estanda Massachusetts (Massachusetts Division of Standards) (1-617-727-3480 (*ou dwe renouvre chak 4 lane*))

*Si w pa rive jwenn oswa renouvre lisan oswa pèmi sa yo li ka afekte dwa ou genyen pou fonksyone.

(Haitian Creole)

